

Flanbo *Verite A*

**YON MATI POU
JEZI KRIS**

(Gade istwa sa a nan paj 12)

Jiyè - Out 2020 | Volim 11 Nimewo 4

Jounal sa a pa pou vann

TAB MATYÈ

Editorial 3

Ki Moun Bondye Ye ?

#5 Pasyalite, Relasyon Sosyal Nou Yo
Anfas Bib la..... 4

Istwa Kouvèti a 12

Istwa Biblik

Batèm ak Tantasyon Jezi 18

Seksyon Paran

Apèl pou Monte

Pati III 20

Istwa Mati Yo

Toma, Apòt Jesi Kris, Lanne 70

Apri Kris..... 23

Seksyon Jenn

Chemen Li te Chwazi a

Chapit 2b..... 25

Seksyon Timoun

Lajan Pou Afè Pèsonèl..... 29

Aktivite Timoun..... 34

Lè Bondye Di Non Kouvèti Dèyè

Komite

Direktè

Dale E. Heisey

Duane Nisly

Mark Yoder

Paul Schrock

Antonio Valverde

Jesús Villegas

Antonio Campos

Sanford Yoder

Editè

Duane Nisly

Pete Garber

La Antorcha de la Verdad

Apartado Postal #15

Pital de San Carlos

Costa Rica, C. A.

Flanbo Verite A, se

Publicadora La Merced, ki
sitiye nan Santa Rita de
Rio Cuarto, Costa Rica, ki
pibliye li chak de (2) mwa.

PUBLICADORA LA

MERCE se yon konpayi
k'ap pibliye liv nan yon bi
pou yo pwopaje Levanjil
la. Yo pa fè sa pou lajan.
Okontrè, yo fè sa pou yo
pwopaje bon jan doktrin
biblik dapre kwayans
Anabatis yo, epi yo fè sa
pou sila yo k'ap resevwa
literati sa yo kapab jwenn
bon konsèy pratik pou
aplike nan lavi yo.

Desen Kouvèti a :
Randall Nisly

Editorial

Chè lektè :

Kèk tan pase mwen te fè yon ti pale sou yon pastè ki te nan prizon akòz li te rete fidèl anvè Bondye. Pandan li te fèmen yon kote san libète, li t'ap ekri. Sa li te ekri nan prizon an te enspire anpil kwayan.

Aprè evènman sa a te fin pase, yo te arete yon lòt pastè ankò, epi li te fèmen nan prizon paske li te vle rete fidèl anvè Bondye tou. Li t'ap viv nan yon kondisyon ki pa t' bon menm. Lavni pastè a te parèt nwa. Li te ka mouri. Madanm li ansanm ak senk (5) pitit li yo te toujou lakay yo. Yo t'ap tann li retounen. Bondye te fòtifye yo anpil. Men, eprè la te difisil. Jodi a, toude frè sa yo ap jwi libète yo ankò. Yo lage yo nan prizon, men bon temwanyaj yo kontinye.

Pandan mwen reflechi sou bagay sa yo, mwen poze tèt mwen kèsyon : « Kisa Bondye vle di nou lè Li pèmèt swadizan lenjistis sa yo pase konsa ? » Pou ki rezon de (2) kretyen sa yo te sibi eprè ansanm ak tout fanmi yo ? Sepandan, yo te nan prizon poutèt yo te fè sa ki dwat. Nou pa kapab reponn gwo kèsyon sa a. Men, nou konnen kilès ki genyen repons kèsyon an : se Bondye nou an, ki sitèlman gran.

Yon lòt kèsyon ankò : « Èske mwen t'ap dakò sibi lenjistis konsa poutèt verite a ? Èske OU t'ap dakò ? Èske lafwa mwen an t'ap rete fèm pou m' te kapab andire kalite abi sa yo ? »

Mwen vle pataje kèk lide youn nan pastè sa yo te ekri pandan l' te nan prizon. Aprè sa, nou pral gade kèk lide madanm dezyèm pastè a te pataje.

Pandan l' anndan prizon an, men sa premye a te ekri : « *Ki pri Jezi di nou n'ap peye si nou swiv Li kòm dispiz ? Jezi te di : « Konsa tou, nou youn la a pa kapab dispiz Mwen, si l' pa detache kè l' sou tou sa l' genyen »* (Lik 14.33). Se yon deklarasyon ki etonan. Jezi ofri nou yon bagay lè nou detache nou ak tout bagay nan lavi nou. Se kòm si Li di : Detache ou ak tout bagay, epi ou va jwenn Mwen menm. Se mande l'ap mande nou kite tout sa ki parèt devan nou ki enpòtan. Bagay ki parèt si enpòtan pou nou, se van yo ye. Jezi mande nou pou n' kite tout poutèt Li menm. Pa genyen anyen ki vrèman asire, sof sa Mari te chwazi a : « *Men, se yon sèl bagay ki nesese. Se li Mari chwazi, yo p'ap janm wete l' nan men li* » (Lik 10.42). »

Madanm dezyèm pastè a te ekri sa a : « Si se te pou mwen, mwen ta pito pa ekri sa m' pral ekri a. Pou di vre, pito m' ekri li. Mwen panse mari mwen an oblije pase nan epòk difisil sa a ki chaje ak gwo doulè. Mwen panse sa k'ap vini pi devan pral fè sa k'ap fèt kounyeya genyen sans. Jou difisil yo se chapit yo ye nan lavi yon moun, men nou bezwen mande Bondye pou Li ede nou wè bagay yo menm jan Li wè yo. Pandan moman difisil sa yo, mwen tande vwa Bondye tou piti. Li asire m' genyen bagay ki pi bon k'ap tann nou. Bondye gentan lonje men Li, epi Li gentan seche dlo nan je mari m' se vre, men tanpèt la toujou sou nou. Toujou genyen kout loray, epi nyaj toujou bouche solèy la pou nou. Van kontinye vante, epi chalè a ap toufe nou. Men, mari m' deklare li ka santi lapriyè fidèl yo k'ap priye pou li. Li sitèlman apresye priyè sa yo. Malgre kè l' brize, li kontinye louwe Bondye pandan tanpèt la ap frape fò. Bondye kenbe dlo ki sòt nan je mari m' lan nan men Li, epi Li ba Li mizèrikòd Li a. Malgre men mari m' afèbli deja, li toujou leve yo anlè pou li louwe Bondye ki pèmèt li pèdi yon seri bèl bagay. »

Chè frè m' ak sè m' nan Senyè a, se pwobab ou poko janm pase nan yon gwo eprè konsa. Men, mwen vle ou konsidere de (2) bagay : Fòk ou pare pou jou Senyè a rele ou soufri poutèt non Li. Sa se youn. Dezyèm lan, priye pou frè yo ki nan soufrans aktyèlman la poutèt non Bondye a. Se pou Bondye linivè a toujou glorifye non Li !

KÈK DANJE

legliz la ap konfwonte poutèt yon sosyete k'ap degrengole desann.



#5 Pasyalite Relasyon Sosyal Nou Yo Anfas Bib La

—Daniel Lapp

Pandan tout tan lòm gentan fè sou tè sa, genyen anpil diskriminasyon (prejije) ki fèt deja. Plen egzanp kote yon gwoup te gonfle kò li sou yon lòt, kote yon gwoup te gade tèl lòt gwoup ak move je paske yo te pòv, paske yo te analfabèt, paske yo te tèl ras ki swadizan mwens devlope, osinon paske se etranje yo te ye. Nou pa ka kontwòle konbyen batay ki fèt ak zam akòz yon chire pit konsènan relijyon ! Se klè pasyalite (patipri) se yon kalite mekanste ki gen rasin li nan lògèy. Konsa, nou kapab di pasyalite fè pati eta lòm. Nou konnen lòm debòde ak peche epi deprave.

Jodi a, mouvman imanis la ap fè efò pou li twouve solisyon pou kalite pwo-

blèm sa yo. Anpil moun mete nan tèt yo solisyon an se pou n' lite pou n' etabli yon egalite sosyal pami tout moun ki sou planèt la. Pou yo rive atenn objèktif sa a, yo swiv yon bann filozofi lòm bay, epi yo rechte sa Bondye di. Moun ki nan mouvman feminis yo kwè depi genyen egalite pou fanm nan sosyete a, sa va yon solisyon. Moun ki nan gouvènman an konn mete nan tèt yo solisyon an se èd imanité, se dwa lòm, se politik. Anpil moun, sitou nan peyi k'ap devlope yo, kwè se edikasyon pou kont li k'ap ranje koze a. Genyen gwo mouvman pami tout relijyon yo kote youn ap mande lòt padon pou yon seri konfli ki te fèt pandan syèk ki pase yo, epi yo vle fè konnen tout relijyon yo nèt mennen moun pi pre Bondye alafen.

Èske mouvman sa yo ap jwenn egalite epi bon jan respè youn pou lòt selon Bondye ? Èske Bondye jwenn glwa nan bann prensip sa yo lòm gentan etabli pou l' jere relasyon li yo ? Poukisa nou toujou twouve moun ki viv kòmsi rich yo vo plis pase pòv yo, kòmsi moun ki edike vo plis pase moun ki pa edike ? Poukisa tout moun ap goumen pou yo pi wo pase vwazen yo ? Poukisa sosyete yo leve Entèl anlè pandan yo pase yon lòt anba pye ? Poukisa moun dakò pile lòt moun pandan y'ap monte nechèl la ki swadizan mennen nan siksè ?

Nan lemond jodi a, yo kalkile valè yon moun selon enpòtans li, entelijans li, edikasyon l', pòch li, fanmi li, ras li, nasyonalite li, relijyon li, ak yon bann lòt bagay ankò. Depi yon moun pa satisfè tèl kondisyon, depi li pa rive kote lòt yo di li dwe rive, moun tou gade l' tankou li pa vo anyen. Lè sa a, yo santi yo jistifye nan jan yo maltrete moun lan. Lide rasis sòti nan kalite panse sa yo. Li manifeste nan divès fason. Anpil lagè k'ap fèt aktyèlman sòti nan bagay rasis osinon nan prejije selon gwoup etnik yon moun.

Bondye gen bagay Li vle di nan sa. Menm si sosyete yo panse mal epi ajì mal, legliz Kris la genyen devwa pou li demontre kè Bondye nan kèsyon sa yo. Nou resevwa apèl pou n' klere tankou limyè nan monn sa a. Fòk nou rete lwen move kouran yo ki nan lemond. Piga nou sal tèt nou nan bann lide imanis yo k'ap mennen aktyèlman. Ann gade sa Bondye di.

Rich Yo

Èske nou bay moun ki rich plis respè pase sila yo ki posede mwens ? Jak 2.8–9 di konsa : « *Jan sa ekri nan Liv la, lalwa gran Wa a di : Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. Si nou fè sa, nou fè byen.* ⁹*Men, si n'ap gade sou figi moun, nou fè peche. Lalwa ap kondane nou pou dezobeyisans.* » Ala yon pawòl ki di ! Pasyalite se peche li ye. Vèsè sa yo parèt nan yon pasaj kote y'ap adrese ki relasyon nou dwe genyen ak moun rich epi ak moun ki pòv (Gade Jak 2.2–7). Vèsè ki vini apre yo pale sou zèv avèk lafwa. Vèsè 17 la di : « *Konsa tou pou konfyans nan Bondye a : si l' pa fè nou fè sa ki byen, si l' rete pou kont li, li mouri.* » Sa fè nou konnen atitid nou yo ansanm ak aksyon nou yo anvè lòt moun genyen menm enpòtans avèk lafwa nou genyen nan Bondye. Pwovèb 14.31 ansanm ak 17.5 fè nou konnen lè nou peze oubyen moke pòv yo, nou ofanse Bondye menm. Nou dwe ajè ak pòv yo epi rich yo menm jan an, avèk egalite. Nou pa dwe montre okenn pasyalite.

Entèlijans

Èske nou leve moun anlè dèske nou pran yo pou moun ki pi entèlijan ? Bondye kreye chak moun nan yon fason espesyal. Chak moun inik. Bondye gen yon plan pou chak grenn moun. Avèk anpil swen, se Bondye ki fòme chak moun pandan li anndan vant manman l'. Nan Sòm 139.13–16, David pale klè sou sa. Se yon bèl pasaj : « *Wi, se Ou ki fòme tout pati nan kò m', se Ou ki ranje yo byen ranje nan vant manman m'.* ¹⁴*M'ap fè lwanj Ou, paske Ou pa manke fè bèl bagay. Tou sa Ou fè se bèl bagay. Mwen konn sa byen.* ¹⁵*Ou te konnen tout zo nan kò m', depi lè m' t'ap fòme kote moun pa t' ka wè a, depi lè Ou t'ap travay mwen ak ladrès nan fon tè a.* ¹⁶*Depi anvan m' te fèt, tout lavi m' te devan je Ou. Tou sa mwen tapral fè te deja ekri nan liv Ou, anvan menm mwen te fè yo.* »

Se Bondye menm ki chwazi chak talan epi chak abilite yon moun genyen lakay li. Bondye fè sa selon sa Li wè ki bon (Women 12.3). Kapasite nou genyen nan tèl domèn pa rann nou pi enpòtan pase yon lòt. Nan menm pasaj

la, apòt Pòl ban nou yon avètisman : « *Piga nou mete nan tèt nou nou plis pase sa nou ye.* » Nan parabòl talan yo ki nan Matye 25, Jezi fè nou wè Bondye bay fidelite plis valè pase kapasite moun lan. Senyè a te rekonpanse moun yo selon fidelite yo, e pa selon kapasite yo te genyen an. Chak moun presye nan je Bondye. Vwala te gen yon moun ki te di konsa : « Bondye pa janm fè fatra, donk, nou chak presye devan Li. » Si yon moun pi entèlijan pase yon lòt, pi fò pase yon lòt, pi byen prepare pase yon lòt, sa PA vle di li pi enpòtan ni sa PA vle di li vo plis.

Nasyonalite Ak Relijyon

Kijan nou konpòte nou anfas moun ki sòti nan lòt gwoup etnik oubyen lòt relijyon ? Èske nou tou klase tout moun ki fè pati gwoup sa a selon konpòtman detwa nan mitan yo ? Lòm genyen yon tandans. Nou tout mete nan tèt nou se pa nou an ki pi bon. Konsa nou gade lòt kilti yo ba, nou gade lòt nasyon yo ba, e nou gade lòt relijyon yo ba. Se tandans sa nou genyen, epi se tandans sa a ki lakòz anpil konfli ak anpil gè, ni nan tan pase yo ni jounen jodi a toujou.

Jezi montre nou byen klè lide prejije sa yo pa dwe egziste nan mitan moun k'ap swiv Li yo. Nan egzanp Li te trase pou nou an sou latè, Jezi te toujou demontre kijan Li te asepte tout kalite moun. Yon egzanp ki parèt byen klè se atitid Li te genyen anvè moun peyi Samari yo. Pandan kèk syèk, moun Samari yo t'ap pote yon chay kiltirèl. Kilti yo a te melanje ak vye kilti lòt ras, epi yo te sèvi Bondye nan yon fason ki te diferan ak Jwif yo. Se vre Jezi pa t' dakò avèk kwayans moun Samari yo, men Li pa t' janm gade youn nan yo ak move je.

Bib la deklare byen klè Bòn Nouvèl Kris la se pou tout moun, pou payen epi pou Jwif. Jezi te di konsa : « *Tout moun ki va mete konfyans yo nan Li p'ap pèdi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an* » (Jan 3.16). Nan Jan 14.6 nou wè Kris se sèl chemen an ki mennen moun lakay Bondye. Bondye ban nou lòd pou nou montre tout moun verite sa a avèk renmen nan kè nou. Se pa avèk fòs, ni se pa avèk mepri. Nan Ansyen Kontra a, Bondye toutan ap di pèp Izrayèl la yo pa dwe rayi etranje yo (Levitik 19.33–34). Nan Ebre 13.1–3,

nou twouve pasaj sa a : « *Se pou nou toujou youn renmen lòt tankou frè k'ap viv ansanm nan Kris la.* ²*Chonje se devwa nou pou nou byen resevwa moun ki vin lakay nou...* ³*Pa bliye moun ki nan prizon yo... Pa bliye moun y'ap maltrete yo... ».*

Egalite Pami Gason Ak Fanm

Èske gason ak fanm gen menm valè ? Èske nou gade youn pi ba pase lòt ? Se vre Bib la anseye nou byen klè gason ak fanm pa jwe menm wòl yo ni nan fwaye a, ni nan legliz la, ni nan sosyete a. Bondye te konfyè responsablite fwaye a nan men gason. Se li ki tèt la. Se li ki pou dirije afè lavi a (Efezyen 5.22–23). Bondye te kreye fanm pi fèb pase gason, epi nan plan Bondye a ki san defo, Li bay fanm lòd pou li soumèt devan gason an (1 Pyè 3.7 ; Efezyen 5.24). Men, Bondye bay fanm menm valè avèk gason. Ebre 11, yon chapit ki prezante ewo lafwa yo, prezante ni gason ni fanm ki te genyen lafwa. Pòl fè Timote sonje lafwa li genyen an se gras ak lafwa de (2) fanm... manman l' ansanm ak grann li (2 Timote 1.5). Nan lèt yo Pòl te ekri pou Timote epi pou Tit, Pòl bay toude moun sa yo konsèy kijan yo dwe konpòte yo ni anvè frè yo ni anvè sè yo ki nan legliz. Pyè di mesye yo yo dwe onore madanm yo : « paske yo menm tou y'a resevwa menm lavi avèk nou tankou yon favè nan men Bondye. » Apre sa, Pyè ajoute yon konsekans si mesye yo pa fè sa. Li di Bondye p'ap tande priyè mari a lè sa (1 Pyè 3.7). Selon enpòtans epi valè yon moun genyen, Bib la mete nou klè nou tout egal nan Wayòm Bondye a (Galat 3.28). Bondye pa fè okenn pwovizyon pou gason vante tèt yo, ni pou yo maltrete fanm, ni pou fanm eseye jwe wòl gason an.

Rasis

Èske nou prejije selon ras ? Èske nou koupab nan afè diskriminasyon ? Moun ki fè etid nan afè ADN (Asid Deyoksiribo Nikleyik) fè nou konnen yon bagay ki enteresan. Si ou konpare ADN de (2) moun ki sòti nan ras diferan, 99.8% nan enfòmasyon yo rete menm. Se sèlman 0.2% nan detay yo ki diferan. Apre sa, nan

tikras diferans lan (0.2%), se sèlman 6% nan enfòmasyon sa yo ki genyen rapò avèk koulè po a. Pi souvan, depi n'ap konpare ras yo se koulè po ki nan tèt nou. Se vre genyen divès koulè po pami moun ki abite sou planèt la, men tout moun genyen menm kalite po. Sa ki diferan vrèmanvre se yon sèl bagay... kantite *melanin* (yon pigman) ki prezan nan po a. Sa vle di, diferans yo ki egziste nan mitan moun divès ras se vrèman yon vye ti bagay tou piti. Sa tonbe dakò avèk sa nou jwenn nan Travay 17.26 : « ***Li fè moun tout nasyon sòti nan yon sèl san...*** » (BIB KREYÒL LA).

Anviwon 1650 ane apre kreyasyon an, Bondye te detwi latè avèk yon inondasyon. Se sèlman Noye ak fanmi li te ki te sove. Apre sa, Bondye te beni Noye, epi Bondye te di fanmi Noye a pou yo gaye kò yo epi ranpli tè a (Jenèz 9.1). Men, nan Jenèz 11 nou wè lòt te fè rebelyon kont Bondye. Yo te deside konstwi yon gwo kay byen wo ki ta ba yo renome pami tout moun. Lide sa a te kont volonte Bondye, epi li te kont direksyon Bondye te bay la. Bondye te kanpe travay kay sa a lè Li te mele lang moun yo.

E apre sa ? Moun yo te gaye, pwobab se chak kalite lang ki te fè bò pa l'. Se posib nan moman sa a kote Bondye te mele lang moun yo, te genyen anviwon san (100) lang diferan sèlman. Nou di sa paske moun ki etidye lang fè nou konnen genyen anviwon san (100) fanmi lang ki egziste nan lemond antye. Sa vle di divès lang yo ka gwoupe nan san (100) fanmi konsa (tout lang ki sanble antre nan menm fanmi an). Men, apati travay Bondye te fè lè sa a, jounen jodi a genyen plis pase sèt mil (7.000) lang diferan ki gentan devlope sou tè sa a. Ansanm ak lang sa yo, genyen yon kantite ras epi yon kantite gwoup etnik ki gentan fòme. Men, annou sonje tout ras ki sou latè sòti nan fanmi Noye a. Ann sonje toujou koulè po moun pa gen anyen pou wè ak valè moun lan devan Bondye, ni avèk respè nou dwe genyen youn pou lòt.

Genyen yon bagay ki mete lemond antye nan menm nivo a, nan menm ranje a. Sa se bezwen esprityèl nou genyen an. Women 3.23 di konsa : « ***Tout moun fè peche ; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a.*** » Pa genyen okenn ras

sou tè a, li te mèt devlope nèt nèt nèt, li pa chape anba reyalite sa a. Pèsonn pa antre nan syèl la poutèt jistis pa li a. Nan Jan 14.6 Jezi di konsa : « ***Se Mwen menm ki chemen an. Se Mwen menm ki verite a, se Mwen menm ki lavi a. Pèsonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan Mwen.*** » Pou n' rive kote Bondye, nou tout dwe pase menm kote a. Bondye pa nan patipri. Li pa nan pasyalite.

Nan 200 ane ki pase yo, genyen moun ki prezante yon seri lide ki chofo lide rasis yo epi ki pouse gason pran pòz kòk lakou. Yo eseye bay prèv syantifik ki di gason evolye plis pase fanm. Yon eseye bay prèv syantifik ki di tèl ras evolye plis pase yon lòt, epi konsa li siperyè. Se lide sa yo ki te apiye moun ki te fòse ras Afriken yo sèvi kòm esklav. Se lide sa yo ki te apiye moun Almay yo anba Adolf Hitler lè yo t'ap detwi Jwif yo. Se menm lide sa yo ankò ki sèvi rasin pou anpil lenjistis sosyal k'ap prezante devan je nou jodi a.

Men, depi nan kòmansman kreyasyon an, Bondye prezante tèt Li kòm Sila ki san patipri. Moyiz te egzòte pèp la anpil nan dènnye jou li yo. Li te pale yo sou Bondye Kreyatè a, sou mirak Li te fè pou yo, sou jijman L' yo ki toujou jis. Nan Detewonòm 10.17 nou wè Moyiz te di konsa : « ***Senyè a, Bondye nou an, se Li menm ki Bondye anwo tout bondye, se Li menm ki Chèfsou tout chèf. Li gen pouvwa, Li gen fòs, Li fè moun respekte L'. Li pa nan paspouki, Li pa kite yo achte figi L' avèk kado y'ap ofri ba Li.*** » Men sa Pòl te di nan Women 2.11 : « ***Paske, Bondye pa gade sou figi moun.*** » Kolòs 3.11 di konsa : « ***Se sa k' fè, pa gen moun ki jwif ak moun ki pa jwif ankò, pa gen moun ki sikonsi ak moun ki pa sikonsi ankò, pa gen moun ki etranje, ni moun ki bèt, pa gen moun ki esklav ak moun ki pa esklav. Se Kris la ki tout, se Li ki nan nou tout.*** » Apòt Pyè se te yon Jwif, epi pami Jwif yo te konn genyen diskriminasyon kont payen yo. Men, yon bon jou Pyè te twouve l' lakay yon payen ki te rele Kònèy. Men sa Pyè te di lè sa a : « ***Bondye fè m' konnen, mwen pa gen dwa gade pèsonn pou move moun ni pou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi Bondye.*** » Men sa li te di ankò :

« *Wi, kounyeya, mwen konprann sa se vre : Bondye pa gade sou figi moun* » (v. 34). Epi ankò, men yon pasaj nou jwenn nan Revelasyon 7.9 epi 14 ki bèl anpil : « *Aprè sa, mwen gade ankò, mwen wè yon gwo foul moun. Pèsonn pa t' kapab konte kantite ki te gen ladan li. Se te moun tout lòt nasyon, tout kalite ras, pèp tout peyi ak tout lang. Yo te kanpe la devan fòtèy la ak devan ti Mouton an. Yo te gen rad tou blan sou yo, yo te gen fèy palmis nan men yo ; ¹⁴...Se moun ki pase anba gwo pèsèkasyon an. Yo lave rad yo, yo blanchi yo nan san ti Mouton an.* » Bondye renmen nou tout menm jan an. Li ofri delivrans pamwayen Jezi Kris pou chak grenn moun sou latè.

Men yon kèsyon ki devan sosyete a jounen jodi a : « Kilès moun mwen ye ? » Sosyete alèkile yo mal pou bay yon bon repons. Ou ka tandè repons kwochi yo sou tele, sou radyo, nan jounal epi nan bouch tout kalite gwoup sosyal k'ap preche lide ki sòti nan lemonn modèn lan. Nou inonde avèk fo lide sa yo tout kote nou vire. Kijan legliz Kris la dwe reyaji anfas lide sa yo k'ap menase sosyete a ? Nan tout ka sa yo, lide nou yo ak kwayans nou yo dwe sòti nan prensip Bib la anseye. Se sèlman lè nou kanpe sou baz Pawòl Bondye a nou va annakò avèk Kreyatè nou an. Se nan fason sa a n'ap kapab ranje kò nou pou n' fè pati gwo foul moun lan ki devan twòn Jezi a. « *Se sa k' fè, frè m' yo, jan Bondye fè nou wè Li gen kè sansib pou nou an, se pou nou ofri tout kò nou ba Li tankou ofrann bèt yo mete apa pou Bondye, bèt yo ofri tou vivan epi k'ap fè Bondye plezi. Se sèl jan nou dwe sèvi Bondye tout bon. ²Pa fè menm bagay ak sa moun ap fè sou latè. Men, kite Bondye chanje lavi nou nèt lè L'a fin chanje tout lide ki nan tèt nou. Lè sa a, n'a ka konprann sa Bondye vle, n'a konnen sa ki byen, sa ki fè L' plezi, sa ki bon nèt ale* » (Women 12.1-2).



YON MATI POU JEZI KRIS

Téléfòn lan te sonnen. Bri a te sakaje silans lan ki t'ap renye nan kay Bankov la. Se te byen bonè yon jou Samdi maten. Timoun yo t'ap dòmi toujou pandan papa yo t'ap fè preparasyon pou li al travay. Stephen Bankov te rekonesan dèske li te genyen yon djòb kote li te ka ale chache lavi pou fanmi li.

Stephen se te pastè yon legliz ki t'ap mache anbachal nan peyi Larisi (Inyon Sovetik La) toupre fontyè peyi Tiki a. Si ou te kretyen alepòk nan zòn sa yo, ou te anfas soufrans epi pafwa pèsekisyon nan men chèf leta yo. Pou anpil kretyen, yo te mal pou jwenn bon travay ki t'ap pèmèt yo sipòte madanm ak pitit yo.

Stephen te pran telefòn lan epi li di : « Alo ? » Li t'ap imajine poukisa yon moun ta rele l' granmaten konsa.

Se te vwa yon nonm. Vwa a te tranble pandan li te eseye esplike poukisa li te fè apèl la. Se te kò yon moun yo te jwenn. Se te yon kwayan ki t'ap viv nan yon bouk ki pa lwen kote *Stephen* rete a. Yo jwenn li pandye nan yon pyebwa nan yon falèz toupre yon mòn. Se pa t' lwen lakay li, detwa kilomèt konsa. Sanble otorite yo te bay pèmision pou yo fè antèman an menm jou sa a.

Stephen di konsa : « M'ap vini. » Li rakwoche.

Zlatka, madanm *Stephen*, te vin bò kote li. Vizaj li te demontre kijan kè li te kase e kijan li patko konprann. Malerezman, *Stephen* pa t' gen ase kouraj pou li gade madanm li nan moman sa a. Li kouri ale nan chanm lan tèt anba pou l' mete rad sou li. Madanm li te mache dèyè l'. Li t'ap manyen kò l' tankou yon moun ki ennève.

Stephen te bay nouvèl la byen serye : « *Mavrodi* mouri. »

Madanm li souffle repons li : « Mouri ? »

Zlatka te rete ap swiv tout ti mouvman mari li t'ap fè. *Stephen* te fè yon ti pòz pou li bo madanm li anvan li pran machin li pou l' ale lavil.

Madanm lan di : « Mwen menm, se priye m' pral priye. » Apre sa li te rete la ap gade jouk li pa t' ka wè machin lan ankò.

Pandan li t'ap fè wout la pou kont li nan ti machin lan, *Stephen* te kòmanse

reflechi sou yon sèvis yo te fè ane pase kote yo te fè seremoni Manje Senyè a ansanm. Se te yon moman pisan. Se li menm ki t'ap dirije, epi kounyeya li te kapab wè vizaj de (2) medam ki te prezan nan moman sa a. Youn nan yo te la pou premye fwa a. Li te rete sou kote ap swiv. Lè moun t'ap vizite sèvis sa yo, *Stephen* pa t' janm ka fin konnen byen si yo te sensè ap chache Senyè a osinon si yo te la kòm espyon pou bay rapò devan leta sou ki aktivite moun yo t'ap fè. Pafwa tou, se te youn nan kwayan yo ki te sèvi « Jida » pou pote enfòmasyon bay.

Men kounyeya, *Stephen* te ka wè vizaj dezyèm madanm lan tou ki te yon kwayan. Li te yon vè ak senk (5) pitit. Li te chita sou yon ti bwat fèt an bwa. Li te genyen yon maladi nan zo kifè li te mal pou mache. Sa k' fè li te prezan nan sèvis la se paske lòt moun te dakò pote li. Chak fwa li te eseye fè yon ti mouvman ak kò l', doulè a te rèd. *Stephen* t'ap sonje kijan vizaj li te montre rekonesans lè lòt kwayan yo te ranmase yon ofrann pou li, malgre yo youn pa t' tèlman genyen pou bay.

Aprè yo te manje epi bwè ansanm nan seremoni Manje Senyè a, madanm lan te mande yo priye pou li, pou gerizon. Pandan *Stephen* t'ap repase bagay la nan tèt li, kè l' te kòmanse bat fò ankò. Bondye te fè yon mirak jou sa a. Li te geri madanm lan poutèt lafwa li te genyen an ansanm ak lapriye kwayan yo. Tankou yon moun ki te genyen nan yon kous, madanm lan te leve kanpe nan moman sa a.

Stephen te sonje dezyèm mirak la tou. Madanm lan ki t'ap chita sou kote pami vizitè yo te leve pase devan, epi li te envite tout gwoup la pou yo reyini lakay li. Li te deklare : « Jodi a mwen kòmanse kwè nan Kris nou an. »

Se pa t' lontan apre sa *Mavrodi* te konfye lavi li nan men Senyè a. *Mavrodi* se te pitit gason madanm lan ki t'ap gade a. Touswit, ni madanm lan ni pitit gason l' te fè fas avèk kèk pwoblèm ak chèf yo. Nan mwa ki te vini apre yo, yo te oblije parèt devan chèf yo pandan plizyè fwa. Yo te toujou sanble yo kontan dèske Bondye te konsidere yo diy pou yo soufri pou non Li. *Mavrodi* te pran anpil kou. Malgre

YON MATI POU JEZI KRIS

trètman brital sa yo, li te kontinye nan ministè Bondye te konfyè l' la. *Mavrodi* te gentan mete men li sou yon Bib, epi ministè li se te mache kay an kay nan kominote a ap li Pawòl Bondye pou kwayan yo ki te swaf Pawòl la.

Aprè detwa minit ankò nan wout la, *Stephen* te rive lakay *Mavrodi* ak *Rubina*, manman li. *Rubina* te resevwa l' depi nan papòt kay la avèk de (2) bra louvri. Vizaj li te deranje poutèt lapenn. Kay la te plen kwayan ki te gen dlo nan je. *Stephen* te di detwa mo pou konsole manman an, epi apre sa, malgre li te chaje avèk emosyon, li te kòmanse priye. Apre lapriyè, li te vire gade frè yo, epi li te mande : « Ki kote li ye ? »

Se te yon tonton *Mavrodi* ki te reponn : « M'ap mennen ou. »

Stephen te fè yon jès pou envite youn pami frè *Mavrodi* yo pou ale avèk yo, e konsa yo te derape nan machin lan yo twa (3). Lè yo te rive nan bout wout la, yo te desann machin lan pou yo kontinye apye. Alafen, yo te rive. Se te yon ti kote tou izole nan mitan de (2) mòn. La, devan je yo, se te twa (3) gwo pyebwa ranje an liy. Kò frè *Mavrodi* te pandye nan yon branch byen wo nan pyebwa a ki te nan



YON MATI POU JEZI KRIS

mitan an. Pi devan, moun yo te rekonèt kijan twa (3) pyebwa sa yo te sanble avèk twa (3) kwa yo sou mòn Kalvè kote Jezi te bay lavi Li pou lòm.

Yon polisye te la ap bay siveyans. Li pa t' kontan. Li te pase lòd pou *Stephen* wete kò l' la. Pastè pa t' okipe li. Te genyen yon lòt chèf la a, yon doktè, ki te swadizan prezan pou l' fè yon topsi, ki vle di fè analiz pou wè kòman moun lan te mouri vre. *Stephen* te eseye pale avè l', men sa pa t' mache.

Lè yo te retounen lakay yo, polis t'ap tann *Stephen*. Malgre kwayan yo t'ap sipliyè chèf yo pou yo bay kadav la konsa pou *Stephen* fè antèman pou yo, chèf yo pa t' dakò. Pou anpeche sa fèt, yo te fèmen *Stephen* nan yon pak bèt ki te bò kote kazèn lan. Se nan demen yo te lage li finalman.

Plizyè jou apre sa, *Stephen* te resevwa yon dokiman li pa t' atann. Se te doktè a ki te fè topsi a. Nan dokiman sa a, chèf la te devwale vre kòz lanmò a. Sa pastè a te sispèk la se te vre. Dokiman an te di : « Mesye *Mavrodi* pa t' mouri poutèt swisid. » Dokiman an te devwale kijan mesye te gentan mouri depi anvan yo te pann li nan pyebwa a. Doktè a te remake kèk mak sou kò *Mavrodi* ki te fè l' konnen li t'ap senyen andan kò l' poutèt kèk gwo kou yo te bay li. Jennonm lan te sibi yon lanmò vyolan. Yo te kraze l' anba pye yo poutèt lafwa li nan Senyè a. Se te yon lòt moun ankò ki mouri tankou yon mati poutèt non Jezi Kris.

Istwa sa a sòti nan *Underground Evangelism* (Evanjelizasyon Anbachal),
ki te parèt nan *The Gospel for the Youth* (Bòn Nouvèl la pou Jenn Yo)

Chè lektè, Jezi ap rele nou pou nou swiv tras pye Li (1 Pyè 2.21). Ti wout sa a kapab mennen nou nan soufrans poutèt non Li, men gen yon rekonpans etènèl alafèn. Apot Pòl di konsa nan 2 Korènt 4.17 - « Sa m'ap sibi kounyeya, se yon ti soufrans ki la pou pase. Men, soufrans sa a ap pare pou mwen yon bèl pouvwa k'ap la pou tout tan, pouvwa ki depase ti soufrans sa a anpil. » —Editè





Pawòl Granmoun

—Sannfòd Yodè

Konsèy Pou Paran

Yon jenn papa te ale lakay Frè Sanford pou mande l' kèk ti konsèy sou kòman li kapab byen leve pitit li yo. Nou vle ou benefisye bèl pawòl saj yo granmoun lan te pataje nan okazyon sa a. Men konsèy Frè Sanford ansanm ak madanm li pou jenn moun k'ap leve pitit.

Paran kretyen dwe bay bon egzanp disip Jezi Kris. Yo ta dwe travay pou kreye yon atmosfè renmen, lajwa, epi lapè nan fwaye a. Se konsa yo va fè fwaye a rete yon kote timoun yo toujou anvi pase tan. Anvan tout, se pou yo renmen Bondye avèk tout kè yo, ak tout nanm yo, ak tout lide yo, e se pou yo renmen frè yo menm jan yo renmen tèt yo tou (Matye 22.37–39).

Paran kretyen ta sipoze zanmi pitit yo. Yo ta sipoze pwòch avèk yo. Yo dwe mete tan apa pou yo pale bagay pèsònèl ansanm ak timoun yo. Li enpòtan pou paran yo chache konnen ki pwoblèm timoun lan ap jere, epi ki santiman li genyen lakay li. Li enpòtan pou paran yo genyen bon rapò ak chak pitit, menm nan jwèt yo renmen jwe yo. Paran an dwe enterese nan sa ki enterese timoun lan, nan aktivite li yo. Yon paran ak pitit li ta dwe pi bon zanmi. Timoun dwe santi li kapab pataje sa ki nan fon kè li avèk paran li yo.

Timoun lan dwe sanpousan asire manman l' ak papa l' renmen li. Fòk yo kapab wè manman an toujou sipòte desizyon papa a. Li pa janm mete tèt li ansanm ak timoun yo kont papa a. Lè paran ap korije pitit, yo pa dwe fè sa pandan yo fache. Pito yo fè sa lè yo tou kalm epi fè l' ak renmen. Paran pa dwe dakò lè timoun bay move repons, san respè. Paran pa dwe kite timoun manipile yo (jwe yo, kontwole yo). Fòk paran an montre timoun li yo respè pou otorite. Paran dwe priye ansanm ak chak pitit yo pou yo tandè kri kè pitit la.

Yon mari ak yon madanm dwe lite pou yo genyen yon bon relasyon dou youn ak lòt. Sa va bati konfyans timoun lan lakay yo toude. Yo dwe konfese devan timoun yo si yo fè yon bagay ki mal kont yo, e yo dwe mande timoun yo padon. Sa va ede timoun lan konfye paran li yo, epi li fòtifye yon bon relasyon.

Yon dènye konsèy : Paran dwe toujou sonje kijan yon timoun aprann plis nan egzanp ou ba li a pase nan pawòl li tande ou di yo. Timoun lan dwe wè prèy se Bondye ki okipe premye plas la nan lavi manman l' ak papa l'. Li ta dwe aprann renmen moun epi evite move pawòl. Paran yo sipoze toujou trase bon egzanp lan pou li nan bagay sa yo. Paran yo dwe anseye timoun yo pou yo travay byen epi avèk bon jan reskonsabilite. Sa kapab fèt depi yo tou piti. Timoun piti dwe genyen travay ki sou kont yo : mete rad nan plas yo, sere jwèt nan plas yo, ranje kabann. Paran yo bezwen anseye timoun lan kijan pou li byen jere afè li. Yo dwe montre l' kijan pou li gen respè pou byen pa l' epi pou byen lòt moun.

Anvan tou, paran yo dwe toujou viv anba direksyon Bondye epi anba benediksyon Bondye si tout bon vre yo anvi « **ba (pitit) yo bon levasyon, korije yo, pale ak yo dapre prensip Senyè a** » (Efezyen 6.4). Paran dwe sonje se prepare y'ap prepare timoun yo pou Wayòm Bondye a.



Kanta nou menm, manman ak papa, pa ajì
ak timoun nou yo yon jan pou eksite yo.

Men, ba you bon levasyon, korije yo, pale ak yo
dapre prinsip Senyè a. Efezyen 6.4

BATÈM AK TANTASYON JEZI

Yon Vwa ki Sòti nan Syèl

Lè a te rive pou Jezi te kite chòp chapant lan. Li te konnen ke gwo ministè predikasyon, ansèyman ak gerizon Li a te pret pou kòmanse. Lè a te rive pou pawòl zanj Gabriyèl yo akonpli.

Jezi te pati nan direksyon rivyè Jouden an pou al jwenn kouzen Li, ke yo te rele Janbatis, ki t' ap batize moun. La li te wè lidè legliz, pèsepte kontribisyon ak sòlda nan mitan pèp òdinè a. Jan t'ap di : « Nou dwe repanti e kite peche nou yo. Nou pa dwe egoyis e kraze moun pou lajan. Si nou gen plis manje ak rad pase sa nou bezwen, separe ak lòt yo. Fè travay nou byen e san bougonnen. Se sa Bondye vle nou fè » .

Pandan Jezi te pwoche pi pre, Jan te di : « Gade ! Men Ti Mouton Bondye a k'ap wete peche tout moun » . Epi li te batize Jezi. Menm moman an syèl la te louvri epi Sentespri a te desann sou Jezi sou fòm yon pijon. Vwa Bondye te sòti nan syèl la pou di : « Sa a se Pitit Mwen renmen anpil la ; nan Li Mwen pran plezi » .


Imedyatman Jezi te ale nan dezè a nan mitan bèt sovaj yo pou Li jwenn lapriyè. Apre Jezi te fè karant jou san li pa manje, Satan te vin tante Li. Li te vle pou Jezi sèvi li. Li te di : « Si ou se Pitit Bondye, fè wòch sa yo tounen pen ! »

Apre sa Satan te mete Jezi sou pwent fetay tanp lan epi li di Li : « Lage kò ou anba ! Bondye te pwomèt pou Li voye zanj Li yo vin pwoteje ou » .

Apre sa Satan te mennen Jezi sou yon montay byen wo pou Li wè tout wayòm sou latè yo. Li te di : « Si ou adore mwen, m' ap ba ou tout bagay sa yo » .

Men Satan pa t' kapab pran tèt Jezi pou fè Li kite volonte Bondye epi sèvi li. Touletwa fwa sa yo Jezi te venk Satan lè Li te site Pawòl Bondye. Apre sa, zanj yo te vin ede epi ankouraje Li.

Matye 3.13-17 ; 4.1-11 ; Mak 1.1-13 ; Lik 3.15-23 ; Jan 1.25-34



Jan batize Jezi nan rivyè Jouden an.

Nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, Li pa t' janm fè okenn peche. (Ebre 4.15)


1. Kiyès ki te di : « Sa a se Pitit Mwen renmen anpil la » ?
2. Kiyès ki te tante Jezi nan dezè a ?
3. Kòman Jezi te reziste kont Satan ?

Itilize avèk pèmasyon :

Christian Aid Ministries, Berlin, Ohio

Atik sa a sòti nan : *101 Pi Bèl Istwa Nan Bib La* © 1994

SEKSYON PARAN



KONPRANN RESKONSABILITE MWEN YO

PATI III

Leson 10 : Devlope Kè Yon Sèvitè

Leson 11 : Sèvi Legliz La

Leson 12 : Chache Moun Ki Pèdi Yo

« **S**imon, pitit Jan, èske ou renmen m' plis pase moun sa yo renmen
mwèn?... Pran swen ti mouton m'yo.... Pran swen mouton m'yo »

(Jan 21.15, 16). Nou pa ka fin konprann tout siyifikasyon e tout santiman
ki te genyen nan konvèsasyon sa a ant Jezi e Pyè. Pyè te gentan nye Jezi. Jezi

te gentan mouri, resisite, epi parèt ankò devan disip Li yo plizyè fwa. Pou yon rezon ou yon lòt, Pyè te gentan al lapèch. Pa mwayen yon mirak, Jezi te gentan prepare yon repa pou disip yo ki te pase tout nwit la sou lanmè. Se nan sityasyon sa a Jezi adrese Pyè pou kont li. Li poze menm kesyon an twa fwa, « Èske ou renmen m ? » e aprè sa Li te ba Pyè komisyon sa a, « Pran swen mouton m' yo » .

Vwala Simon Pyè—li fèb menm jan ak nou, malgre se yon disip Jezi li te ye—epi pandan li tou fèb, Jezi ba li yon travay pou li fè. Pyè, disip la, resevwa apèl pou fè lòt disip.

Se Mèt la menm ki te etabli modèl sa a : Pandan nou ap grandi nan mach nou avèk Sovè a, nou aple pou nou devni ajan ki ede lòt yo. Benediksyon nou te resevwa yo vin tounen responsabilite pou travay ak lòt moun.

Twa leson nou pral etidye yo pale sou responsabilite ki tonbe sou nou depi nou mache nan wout sa a avèk Jezi e pèp Li. Tout moun ki chita nan pye Jezi dwe aprann pran men lòt moun—sa vle di: leve piti yo, fòtifye fèb yo, nourir ti mouton piti yo, epi pran swen mouton yo. Chak disip Jezi vin tounen yon manm nan gran kò Li a, e kòm yon manm, nou dwe aprann bay kontribisyon pa nou, pran responsabilite pa nou, e pataje tan e enèji pou byen lòt moun e pou glwa Kris.

Devlope Kè Yon Sèvitè

Leson 10a

ENTWODIKSYON

Egoyis toujou kanpe an kwa bon jan travay disip. Paske rann sèvis se yon pati enpòtan nan lavi disip la, nou kapab asire ke pwòp volonte nou yo va toujou panche kont rann sèvis. Volonte pa nou fè nou chache lwanj. Li kenbe tèt ak tout lòd moun ban nou. Volonte nou pouse nou meprize kèk travay

yo ka mande nou fè. Li kouri plenyen ke lòt moun p'ap bay patisipasyon pa yo byen. Volonte nou pran ofans pou nenpòt ti kritik, epi li pran ofans si yon moun pa rekonesan ase pou sa nou te fè pou li a. Kòm Kretyen nou ta santi n' wont pou n' kanpe devan moun pou di, « Men mwen, sèvi mwen ! » Poutan, se sa menm ki nan volonte nou pafwa.

Jezi mande pou moun k'ap swiv Li repanti de lespri egoyis la. Lespri sa te mèt pote vye rad sal, oswa li te mèt pote bèl rad gran pozisyon relijye a. Nou resevwa apèl pou mete ajenou devan majeste Seyè ki gen tout pouvwa a jistan nou reyalize nou san okenn rezon devan Li. Lè chabon dife lotèl Li fin touche bouch egoyis nou e netwaye anbisyon egoyis nou, nou pare ak imilite e kè sensè pou n' di menm jan ak Ezayi, « *Men mwen, voye mwen* » (Gade Ezayi 6.1–8).

(liv sa a va kontinye nan pwochèn edisyon an)

—John Coblenz

Itilize avèk pèmisyon : Christian Light Publications, Inc

Harrisonburg, VA Ozetazini

Tout dwa rezève



Aktivite Timoun

REPONS

1. b
2. a
3. c
4. b
5. c
6. a

ISTWA MATI YO

Toma, Apòt Jezikris, Lanne 70 Apre Kris

Toma, sa yo rele Jimo a, se te yon moun Galile li te ye. Sanble li te yon pechè pwason (Jan 21.2). Nan liv levanjil yo, nou pa twouve okenn enfòmasyon sou kilès ki te paran l' ni sou kijan li te konvèti. Yo sèlman pale sou kijan Jezi te rele l' pou l' sèvi apòt (Matye 10.3).

Nou wè kijan Toma te renmen Kris epi jan li te sansib pou Kris lè li te egzòte frè yo pou yo monte Jerizalèm ak Kris pou yo mouri ansanm avèk li (Jan 11.16). Men, lè sa li pa t' ankò gen konviksyon byen etabli, epi w'a sonje disip yo pa t' ankò byen konprann Kris tapral mouri vre. Konsa, nou wè Toma ansanm ak lòt yo te abandone Senyè a nan lè eprèv Li yo (Jan 14.5 ; Matye 26.31).

Pi devan, lè Senyè a te gen tan leve vivan, epi Li te parèt nan mitan disip yo an absans Toma, Toma pa t' vle kwè. Li te deklare si l' pa mete dwèt li nan plas kote klou yo te ye a, si l' pa mete men l' nan bò kòt Jezi kote sòlda Women an te pèse a, li p'ap kwè. Men, Senyè a te parèt ankò. Toma te wè Li. Li te tandè Senyè a di : **«²⁷Mete dwèt ou isit la. Men. Gade men M' yo. Lonje men ou, mete l' la bò kòt Mwen. Wete doutans nan kè ou. Kwè, tandè.»** Se lè sa a, anba konviksyon, Toma te kòmanse salye Kris avèk tit ki onore non Li. Toma te di : **«*Senyè mwen, Bondye mwen !*»** (Jan 20.24–28).

Apre sa, Toma ansanm ak lòt disip yo te resevwa lòd pou yo preche Bòn Nouvèl la nan lemonn antye, e pou yo batize kwayan yo. Pou fè sa, dis (10) jou pita, jou Lapannkòt la menm, Toma ak disip parèy li yo te resevwa Sentespri a an abondans (Matye 28.19, 20 ; Mak 16.15, 16).

Selon dokiman istorik yo, Toma te voye Tade al kote Wa Abgaris pa lontan apre rezirèksyon Kris la.


Pliske peyi Patiya, Lend, epi Etyopi te fè pati pòsyon tè a ki te sou kont Toma, li te vizite yo tout. Sanble li pa t' anvi ale kote moun sovaj yo nan peyi Lend.

Kanmenm, avèk fòs Bondye, li te ale epi mennen anpil moun konvèti nan zòn sa yo.

Konsènan lanmò Toma, pami tout sa ansyen yo te ekri sou kèsyon sa a, men istwa a nou kapab fè konfyans pi plis : Nan lavil Kalamina, nan zile Lend yo, Toma te mete fen nan sèvis zidòl ki t'ap fèt nan zòn lan kote yo t'ap adore imaj solèy la. Nan pisans Bondye, Toma te pouse Dyab la detwi vye imaj solèy la. Lè sa a, prèt la ki t'ap dirije sèvis pou zidòl la te akize Toma devan wa peyi a. Wa a te kondane Toma pou yo tòtire li ak fè cho, pou yo lage li nan yon fou, epi pou yo boule li. Men, lè prèt ki t'ap dirije sèvis pou zidòl la te remake dife a pa t' fè Toma anyen, yo te pèse bò kòt li pandan li te atè nan fou a. Konsa, Toma te vin sanble ak Senyè Jezi Kris. Toma te rete fidèl jiska lanmò. Jewòm ekri pou fè konnen li ta sanble yo te retire kò Toma a nan dife a. Men, apre sa yo te antere li menm kote li te mouri a.

Istwa sa a sòti nan yon liv ki rele *Martyr's Mirror* (*Glas Mati yo*).





CHEMEN LI TE CHWAZI A

Laj Lajennès
Chapit 2b

Sara te fè yon gwo soupi pandan li te vire gade yon pil rad Manman l' te kite pou li. Se lide rebelyon ki t'ap bouyi monte nan kè li, e sa te rann li mizerab. Li te gade chak rad, epi li te chwazi kèk chemiz ki manke bouton. Li tonbe chache tèl kalite bouton nan yon bwat kote yo te sere bouton yo.

Pandan Sara t'ap travay, li tandè Papa l' frapè pye l' sou galeri a pou retire labou nan bòt yo. *Li mete manto l' anlè a. Men, poukisa li te antre sitèlman bonè jodi a ? Manje a pa t'ap pare pandan yon bon ti tan toujou.* Sara te leve je l' pou li gade pandan Papa l' t'ap ranje dodin lan devan dife a pou l' chita.

Papa a di konsa : « Mwen pa santi m' byen. Li tèlman fè frèt deyò a. M' panse

m'ap pase rè s jounen an ap chofe kò m' bò dife a. »

Pandan Sara t'ap voye je l' deyò kote tan an te maske, li di : « Papa ? Nèj pral tonbe jodi a ? »

Papa a te ranje dodin lan pi pre dife a. Li reponn : « M' panse se aswè a nèj ka tonbe. M' pa kwè n'ap jwenn anyen jodi a, non. » Papa t'ap gade pi gran pitit fi l' la ki te okipe nan ranje rad pou fanmi an. Nan kè l', li di : *Li montre fidelite anpil. Li se yon pitit ki obeyisan. Li fè travay li yo byen.* Sara te lakòz yon satisfaksyon nan kè papa l'.

Pandan Jan Yodè t'ap poze bò dife a, li pa t' konnen anyen nan sa ki t'ap fèt andedan tèt Sara. Se te yon batay. Jan pa t' konnen pou ki rezon Sara te poze l' kèsyon sou nèj la. Si li te konnen, li pa t'ap konsidere pitit fi l' pou yon moun ki fidèl epi obeyisan.

Aprè yon tan, Sara di : « Papa. Li fè frèt deyò a, pa vre ? Men si m' mete anpil rad, fredri p'ap ka fè m' anyen, pa vre ? »

« Non. M' pa kwè fredri sa ase pou l' ta fè ou mal. » Jan te dakò ak pitit li a, men li pa t' konnen ki kalite riz ak rebelyon ki t'ap travay nan kè tifi a. Papa te kontinye pale : « Yon van frèt pa ka fè ou mal depi ou byen abiye. Ou jenn. Ou gen fòs ak bon sante. Men, poukisa ou vle sòti deyò ? Ou pa genyen travay deyò a. Mwen gentan fè tout sa m' te kapab anvan m' antre. Lè timoun yo sòti lekòl, m'ap fè rè s la. »

« Se pa sou travay mwen t'ap panse, Papa. Mwen t'ap panse... » Konsa pawòl la te koupe. Sara te ezite. Li pa t' vle gade papa l' nan je. Li te oblije rekòmanse : « Mwen t'ap panse ale kay Milè yo pou yon ti moman. M' genyen anpil jou depi m' pase yon ti tan ak Mari pandan semenn lan. Nou toujou okipe ni nan sezon lotòn ni nan sezon livè. Yo pa rete lwen. M' p'ap deyò twò lontan. M' mèt ale ? »

Papa pa t' konnen Sara te deja poze Manman menm kèsyon an detwa minit anvan li te antre nan kay la. Konsa, li pa t' okouran ki repons Sara te deja jwenn. Sara te toujou pè gade papa l' tou dwat. Li te santi li antò. Paran Sara yo pa t' janm genyen okenn ti kont devan timoun yo. Depi youn nan yo te di yon bagay, lòt la te apiye l' konplètman. Konsa, Sara te vle pou papa l' di non. Kòman li te ka sòti nan kay la apre manman l' te gentan di li non ? Sara te konnen papa l' pa t'ap janm dakò si li te konnen manman l' gentan di non.

Papa te gade nan fennèt la pandan yon bon moman.

Finalman li di : « Kote manman ou ? »

Sara reponn dousman : « Li ansanm ak Rit. »

Alafen Papa te bay desizyon l' : « Wi, Sara. Ou mèt ale. M' sèten manman ou t'ap dakò. Ou se yon bon pitit fi. Ou merite yon ti tan deyò. » Papa te gade pitit fi li a avèk renmen nan je l'.

Kè Sara t'ap bat fò. Tou dousman li te mete rad yo la a. Li t'ap di nan kè li : *Kisa m' fè la ? Jan papa m' konfyè m' anpil la, sa fè m' santi mwen anvi malad. Mwen pa merite konfyans sa a.* Pito li te di non. San li pa t' prese, Sara te al pran rad fredy li yo. Sara te lou paske li konnen li nan manti ak papa l'. Li pa t' menm anvi vizite Mari ankò. Poukisa li te dakò itilize riz pou li jwenn sa li t'ap chache a ?

Se lè sa lide Sara te tonbe sou manman l'. Talè konsa li pral sòti nan chanm lan kote li te ye a. Sara te abiye rapidman. Li pa t' vle la toujou lè manman l' sòti nan chanm lan. Li t'ap eseye konvenk tèt li pandan li fin abiye : *M' gen pèmisyon pou m' ale. Se pa dezòd. Men, manman m' pral mande papa m' kote m' prale. Lè sa papa m' va vin konnen sa m' fè l'. L'ap konnen kanmenm.* Sara te santi fòk li deyò kay la lè paran li yo kontre. Li pa t' vle prezan lè yo dekouvri ki vye jwèt desepsyon li t'ap jwe avèk yo. Yo tapral gade l' mal lè sa.

Papa te kontinye vide lwanj sou Sara : « Se pa tout jenn fi ki kapab bay bèl kout men nan travay kay la jan ou fè sa pandan sezon livè sa a. Se pa tout fi ki t'ap dakò nonplis. Nou apresye sa. Depi pa genyen travay ki ijan kounyeya, m' panse manman ou t'ap dakò kite ou pran yon ti tan pou ou menm. »

Pandan li t'ap sòti nan kay la, Sara fè je l' rete atè. Felisitasyon sa yo pa t' fè Sara kontan ; okontrè yo te fè l' santi li mal nèt. Li t'ap panse : *Papa m' pa konnen kijan mwen rebèl. Pito sa.*

Pandan menm li t'ap sòti, Manman parèt. Li te tande dènye pawòl Papa t'ap di a. Konsa, avèk renmen, li di : « Wi, travay rad la pa oblije fèt kounyeya. Kay la anfòm. Kisa ou vle Sara fè apremidi a, Papa ? »

Men, Sara te kole nan mach pòt la. Figi l' t'ap pran dife. Se kòm si kò li te tounen yon estati.

Jan te espliche madanm li : « Sara prale lakay Mari. Mwen t'ap di li m' konnen ou t'ap dakò li merite yon ti tan pou li menm. »

Manman te gade Sara tou dwat. Li te tou abiye pou li sòti deyò nan fredy a. Yon sèl kou, vizaj Mari te kouvri avèk yon tristès. Li te pale tou dousman : « Mwen te deja mande Sara pou li tann yon lòt jou pou li ale wè Mari paske li yon ti jan gripe deja. M' dakò si l' vle chita fè yon lekti osinon repoze, oubyen nenpòt lòt

bagay li anvi fè isi a anndan kay la. »

Papa te vire gade Sara tou sezi. Sara kouri mete je l' atè. Li pa t' kapab sipòte sa li te wè nan vizaj papa l' kote li te toujou abitye wè dousè ak renmen. Kounyeya li te remake doulè.

« Sara ! Sa fè m' mal ou pa okipe desizyon manman ou te pran deja. Ou mande m' pèmisyon ale san mwen pa konnen manman ou te deja di ou non. » Vwa Papa te dou toujou, men li te byen serye. Sa te fè dlo sòti nan je Sara.

« M' te vle ale kanmenm, Papa. » Sara te mal pou pale. Li te rekonèt repons lan te sanble yon repons ti bebe ! Li te wont. Li kòmanse retire gwo rad yo.

Papa l' t'ap repwoche li toujou : « Ou te konnen ou pa gen rezon pou ou mande m' pèmisyon al vizite Mari san ou pa t' esplike m' sa manman ou te di ou deja. Mwen konsyan ou pa vizite zanmi ou yo fasil epi ou anvi genyen plis kontak ak zanmi ou yo. Men, si ou itilize desepsyon pou jwenn sa w'ap chache a, sa pa bon. Ou p'ap janm twouve lajwa konsa. »

Dlo t'ap sòti nan je Sara pandan li mete manto a anlè nan plas li. Li te al chita, epi li pran rad yo li t'ap ranje ankò.

« Eskize m', Papa. Eskize m', Manman. » Li t'ap pale avèk imilite. « M' p'ap fè sa ankò. Mwen konsyan mwen pa t' dwe mande ou pèmisyon apre manman m' te deja di non. Mwen te konnen si ou te tande Manman pale, ou t'ap di menm bagay avè l'. »

Papa a te reponn : « Enben. Dakò, Sara. Nou padone ou. Ann mete ajenou kounyeya menm pou n' pale ak Bondye sou sa. » Yo touletwa te bese nan salon an pou yo priye. Ak repantans nan kè li, Sara te priye anvan. Li te mande Bondye fòs pou l' rete yon pitit ki obeyisan. Apre sa ni Papa ni Manman te priye tou. Yo te mande Senyè a pou li pwoteje pitit fi yo a kont tout vye pèlen Lènmi an. Yo te mande Bondye sajès tou pou yo menm, pou yo te ka konnen kijan pou yo ajì avèk chak nan pitit yo ki te tèlman presye pou yo.

(N'ap kontinye istwa a nan yon lòt edisyon)

—Mari Milè

Rod and Staff Publishers
(Piblikasyon Baton ak Gòl)



SEKSYON TIMOUN



lajan Pou Afè Pèsonèl

Chak ane pandan gran vakans Mikayèl ak Timote Kalennz te toujou pase de (2) semenn nan kan. Kan an te rele Kan Bòyspò. Li te sitiye bò yon bèl letan. Se papa tigason yo ki te chwazi kan sa a paske li te pi bon pase lòt yo.

Men, ane sa a, Mesye Kalennz t'ap fè plan pou li voye timoun yo nan yon kan kretyen pito. Mesye Kalennz ak tout madanm li te konvèti pandan ane a.

Mikayèl di konsa : « Papa, sou tout latè pa gen okenn kan ki bon tankou Bòyspò. »

Timote te wè bagay yo menm jan an. Li di : « Mwen swete se nan Kan Bòyspò w'ap voye nou ane sa toujou, Papa. »

Manman te bay yon lide : « Mwen panse petèt li ta bon pou n' voye yo la ankò vre. Petèt yo kapab bay yon bèl egzanp kretyen pou lòt timoun yo pandan yo nan kan an. »

Timote ak Mikayèl te kòmanse kontan.

Lè sa papa di : « Manman nou bay yon bèl lide. N'ap voye nou nan Kan Bòyspò toujou. »

Jou a te rive finalman. Papa tigason yo te di yo orevwa anvan li te kite kay la pou l' al travay nan biwo li a. Inèdtan te rete konsa pou manman yo al depoze yo nan estasyon an kote y'ap monte bis pou yo ale nan kan an.

Mikayèl di Timote konsa : « Èske manman m' te ba ou lajan ? »

Timote di : « Li poko. Li p'ap bliye. »

Se lè sa menm manman timoun yo te antre kote yo te ye a. Li di : « Men Bib nou yo, mesye. Se pou n' ale nan kan avèk yo. »

Timote fè bri : « Bib ! Ou vle nou ale avèk Bib ? »

Mikayèl te ajoute : « O ! Manman ! Pa gen moun menm k'ap mache ak Bib nan kan sa ! »

Aprè yon moman, Timote di : « Enben dakò. M' prale avèk pa m' lan. »

Manman l' poze l' yon kèsyon : « Èske w'ap li l' pandan ou nan kan an vre ? »

Timote reponn : « M'ap eseye fè sa. »

Se lè sa Mikayèl di : « E pou lajan ? N'ap bezwen lajan pòch. »

Manman te oblije souri : « Lajan ? »

Timote te prèske pale fò : « Men wi, Manman. Nou bezwen lajan. Sinon, kòman n'ap achte sirèt avèk krèm ? »

« Pa twouble tèt nou, mesye m' yo. Mwen p'ap bliye ban nou lajan. » Konsa manman timoun yo te vire ale.

Timote voye je l' sou Bib la ankò. Mikayèl di : « Ou te di w'ap pran l'. Kounyeya ou oblije pran l' vre. »

Timote reponn : « Men wi, Mikayèl. Ou p'ap pran Bib pa ou la ? »

Mikayèl di : « Ou fou ? Si lòt mesye yo wè li ? Y'ap ri m', epi y'ap rele m' kapon. » Konsa, Mikayèl te sere Bib li a yon kote nan chanm lan. Li pran malèt li a nan men l', epi li pati. Timote te rete dèyè. Li pa t' ankò fin deside. Èske l'ap pran Bib la ? Oubyen, èske l'ap kite l' ?

Mikayèl rele dèyè frè l' : « Fè vit, Timote ! Men nou prale kounyeya ! »

Touswit Timote voye Bib la andedan malèt la.

Pi devan, pandan yo te chita nan machin lan, nan wout pou yo rive kote y'ap

pran bis la, Mikayèl di konsa : « Manman, pa bliye lajan an, tande ? »

« M' pa bliye. Èske nou te mache ak Bib nou yo ? »

Se Timote ki te reponn : « Mwen mache ak pa m' lan. »

« Mwen swete se li ou pral li Bib la, pitit mwen. »

Lè yo te rive nan estasyon an, manman timoun yo te achte tikè pou mesye yo. Apre sa li te ede timoun yo mete malèt yo nan men reskonsab yo. Lè a te rive pou yo ale. Tigason yo te kouri pou yo monte bis la. Nan yon batje bis la t'ap plonje nan wout la.

Timote te pale : « Ala bon sa bon, en ? De (2) semenn nan kan ! » Li gade frè l', men frè l' pa t' parèt twò kontan. « Sa ou genyen ? »

Mikayèl reponn : « Èske manman m' te mete lajan an nan men ou ? »

Timote di : « Non. Mwen te tèlman distrè, mwen pa t' panse ak sa. »

« Ni mwen menm tou. »

Timote te bay yon lide : « Sanble manman m' bliye. Oubyen petèt li te sere l' pami rad nou yo. »

Lè yo te rive nan kan an, Mikayèl ak Timote te kontre ak anpil zanmi yo te konnen depi nan ane pase yo. Timote te pote malèt li ale nan ti kay kote li tapral dòmi an. Li te retire rad li yo epi li te ranje yo nan yon bifèt ki te la pou sa. Se sèlman Bib la ki te rete nan malèt la. Se nan moman sa kèk ti zanmi t'ap antre sou li. Timote kouri fèmen malèt la, e li lage l' anba kabann li an.

Li pa t' kontre ak Mikayèl ankò jouk apre yo te gen tan manje demen maten. Mikayèl di li : « Ala yon pwoblèm ! Nou pa genyen senk (5) goud ! »

« M' swete manman m' ap voye yon bagay pou nou. »

« E si li bliye sa ? »

« Nou kapab ekri li yon lèt. »

« An ! E ki kote n'ap jwenn lajan pou n' achte anvlòp epi poste lèt la ? »

Nan demen, tigason yo te jwenn yon lèt manman yo te voye pou yo.

Timote mande frè l' : « Èske li te voye lajan ? »

Mikayèl ouvri anvlòp la, epi li voye je l' andan. Li bay nouvèl la tou frèt : « Yon lèt ase. Anyen ankò. »

Sis (6) jou apre sa, Mikayèl ak Timote te resevwa yon lòt mesaj manman yo te voye pou yo. Men sa li te ekri : « Mwen pa wè Bib nou yo nan chanm nou an.

Mwen kontan nou te mache avèk yo. Fè sèten nou li Bib la chak jou... »

Mikayèl tonbe bougonnen : « Li Bib la lakay se youn, men pou vin fè sa nan kan se yon lòt bagay. »

Jou yo te pase rapidman pou tigason yo. Manje a te bon. Aktivite yo te bèl. Yo te naje nan dlo, e yo te fè jwèt ansanm. Yo t'ap jwi yon bèl kan. Men yo pa t'kapab achte krèm, ni okenn sirèt. Se te Mèkredi nan dezyèm semenn lan lè yo te resi jwenn yon lòt mesaj ankò nan men manman yo.

« M' regrèt mwen pa t' gen tan ekri nou deja. Mwen te okipe anpil isi a. Mwen te konnen nou t'ap ekri mwen tou. Men, m' konprann nou pa gen anpil tan lib nan kan an. »


Timote te mache tou dousman pou li rive nan kay kote li te dòmi a. Sanble manman yo te lage yo. Li te pwomèt yo lajan, men li bliye sa nèt. Li pa t' kenbe pawòl li vre. Se nan moman sa Timote sonje yon pwomès li te fè

li menm. Li pa t' kenbe pawòl li nonplis. Li te pwomèt manman l' li t'ap li Bib la, epi li pa t' ankò fè sa menm yon fwa. Ala yon wont ! Touswit li te retire Bib li a nan malèt la. Li tonbe ouvri pou kont li. Li te genyen yon bagay andedan l' ki fòse l' ouvri. Kisa li te ye ? Timote pa t' kon sere anyen andedan Bib li a. Sanzatann je l' tonbe sou bagay la. Se te lajan... ven (20) dola. Manman tigason yo te sere kòb la nan Bib yo pou yo ta jwenn li sèlman lè yo gade Bib la. Je Timote yo te fè dlo. Manman l' pa t' lage yo vre. Li te kenbe pawòl li. Si Timote te kenbe pawòl li, li t'ap jwi anpil krèm epi anpil bon bagay pandan tout kan an.

Pòt la te ouvri, epi de (2) ti zanmi te antre sou Timote.

Youn nan yo kouri ouvri bouch li : « Gade ! Kisa ou ye la, Timote ? Ou se pastè ? »

Timote pa t' reponn. Touswit li te fè rele frè l'. Lè Mikayèl resi parèt, li tapral



di : « Poukisa ou te voye chache m' ? » Men, je l' te gentan tonbe sou sa ki te nan men Timote. Je l' te ouvri men lajè. Li di : « Mete Bib sa yon kote, non. Ey. Kote ou jwenn lajan sa a ? »

« Manman te mete lajan nan chak Bib. »

Mikayèl pa t' ka pale. Li te sezi. Li te wont. Timote te pale toujou : « E gade ki pasaj Manman souliyen nan Bib la. Se la menm mwen te jwenn kòb la. » Toude frè yo te chita li pasaj la ansanm : « Si yon moun wont di se moun Mwen li ye, si li wont pale pawòl Mwen, enben, Mwen menm tou, Moun Bondye voye nan lachè a, lè M'a tounen nan tout pouvwa M' ak tout bèl pouvwa Papa M', nan mitan lame zanj Li yo, M'a wont pran li pou moun pa M' tou. »

Mikayèl te pran lapawòl anvan. Li di : « Se pa manman nou ki gen tò, non. Se nou. »

Timote te ajoute : « Mwen menm, m' pral li Bib la, epi mwen pral viv pou Jezi san mwen pa okipe sa lòt moun di m'. »

Mikayèl pa t' pale, men Timote te gade l' nan je l'. Li te konprann yo toude te pran menm desizyon an.

—Ken Anderson

Istwa sa sòti nan *The Red Bicycle and Other Stories*

Moody Press

Nou te twouve pèmisyon pou n' adapte istwa sa a epi pou n' itilize li konsa.



Vèsè Pou Aprann

« Si yon moun wont di se moun Mwen li ye, si li wont pale pawòl Mwen, enben, Mwen menm tou, Moun Bondye voye nan lachè a, lè M'a tounen nan tout pouvwa M' ak tout bèl pouvwa Papa M', nan mitan lame zanj Li yo, M'a wont pran li pou moun pa M' tou » (Lik 9.26).



Aktivite Timoun

Chak kèsyon genyen de (2) repons ki BON. Chwazi sa ki PA bon. Ekri sa ki PA kòrèk la nan espas vid la.

1. _____ Chak ane, Mikayèl ak Timote te konn pase de (2) semenn...
 - a. nan Kan Bòyspò.
 - b. ap li Bib la.
 - c. nan bèl aktivite kan.
2. _____ Tigason yo te anvi achte...
 - a. Bib.
 - b. krèm.
 - c. sirèt.
3. _____ Timote te ale nan kan an avèk Bib pa li a, men...
 - a. li pa t' menm gade l' jouk nan dezyèm semenn lan.
 - b. li te sere l' andedan malèt la.
 - c. li te bay zanmi li yo gade l'.
4. _____ Tigason yo te konnen...
 - a. Manman yo pa t' voye lajan.
 - b. Manman yo te kenbe pawòl li.
 - c. Bib la se bagay pou ou li lakay ou, men pa nan kan.
5. _____ Manman tigason yo te pale sou Bib la nan tout mesaj li yo paske...
 - a. li te vle ankouraje yo li Bib.
 - b. li te vle ba yo yon ti poul sou kote y'ap jwenn lajan an.
 - c. li te sèlman vle fè yo bliye afè lajan an.
6. _____ Alafen, tigason yo te deside...
 - a. y'ap tounen nan kan an chak ane.
 - b. se yo menm ki te antò.
 - c. yo va li Bib la.

(Repons nan paj 14)

*Pito ou te renmen
yon moun epi
ou pèdi l', pase pou ou pa t'
janm renmen li.*

CHRISTIAN AID MINISTRIES

Cache Cache Douge
Rt. National 1, KM 25
Titanyen, Haiti

GRATIS !

Si ou ta renmen resevwa *Flanbo Verite A*, oubyen si ou gen nenpòt lòt kesyon, oubyen ta renmen resevwa èd espirityèl, nou ta kontan ede ou nan nenpòt fason nou kapab. Ou kapab kontakte yon moun nan adrès sa a.



*« Se poutèt sa, mwen pran pawòl pwofèt yo pou pawòl ki sèten nèt. Nou menm tou nou byen fèt lè nou pran pawòl sa yo ak gwo konsiderasyon... »
(2 Pyè 1.19).*

Lè Bondye Di Non

Pafwa timoun ou yo panse ou fè yo lenjistis paske ou pa dakò pou yo fè sa lòt timoun yo konn fè.

Men, yo pa konprann se pwoteje ou vle pwoteje yo kont danje ak doulè yo poko kapab wè.

Pandan premye ane yo, timoun toujou ap devlope san yo poko konprann anpil bagay.

Avèk tan ki pase, yo kòmanse wè poukisa ou te di
« non » nan tèl okazyon.

Souvan, nou tankou timoun nan sans sa a.

Nou pa konprann rezon an ki dèyè tout « non » yo
ki nan Pawòl Bondye a.

Pafwa nou mete nan tèt nou bagay la pa jis, li pa
dwat.

Men, si nou kite Bondye travay toujou nan nou menm, si nou angaje nou pou n' obeyi kanmenm, menm si nou pa rive konprann rezon yo, nou ka vin granmoun ki byen devlope, dapre dènye mezi devlopman Kris la ki bon nèt. Efezyen 4.13

—Sylvia Perez Gingerich